

zvose, Muyanani mukuru. Kana munhu achirama hupenyu hwakanaka uye hunoremekedzeka zvichiburikidza nekushumira uye nekuteerera Allah achapinzwa kuparadhisu kuburikidza nenyasha dzake. Kana vakasarudza kusatenda gehena rakavamirira.

### Ko chivi chakanyanya muIslam ndechipi?

Kushumira vamwe vamwari, kana kumusanganisa nechimwe chinhu, kana kuenzanisa chimwe chinhu naMwari chivi chakakura muIslam.

Izvi zvinosanganisira kupa chimwe chezvimiro zvaMwari kune zvimwe zvinhu kana vanhu (semufananidzo, zviumbwa); kutaura kuti Mwari vane mwana, amai kana kuti mumwe mubatsiri, kana kusatenda muna Mwari.

*Allah musiki wevose varume nevakadzi, vakapa mabasa akasiyana siyana kune mumwe nemumwe wavo paine ongororo huru yemusiyano uri pakati*

### Ko Islam inoona sei vakadzi?

MuIslam, varume nevakadzi vanoonekwa sevakananana pamberi paMwari, (kana takatarisana nenyaya yekuti vachawana mibairo yakafanana uye bvunzurudzo dzakafanana dzemabasa avo). Allah, Musiki wevose varume nevakadzi, vakapa mabasa akasiyana siyana kune mumwe nemumwe wavo paine ongororo huru yemusiyano uri pakati pavo. Vakadzi vanoremekedzwa zvikuru, pasina kana kuvadzanyirira.

### Ko pfungwa yokuti munhu anozvarwa aine chivi irimo here muIslam?

Pfungwa yokuti munhu anozvarwa aine chivi haimo muIslam. Mwari vanoyananisa, naizvozvo hapana munhu wavachabvunzurudza nezvechivi chaasina kubvira akaita.

### Ko chii chinombonzi Jihad?

Izwi rekuti Jihad rinoreva kushinga nekuzvipira muchitendero chemunhu nenzira iyo inofadza Mwari. Pamutauro chaiwo rinoreva "kushinga" uye richireva zvakare kushingaira kwemunhu pakuita mabasa matsvene, kupa zvipo, kana kubatsira muhondo dzekudzivirira chitendero cheIslam. Asi chirevo chinonyatsozivikanwa zvikuru pasi rose kubatsira muhondo dzekudzivirira idzo dzinobvumirwa nokuda kwekudzivirira chita chevanhu, kudzivirira nyaya yokupararira kwehudzvanyiriri, uye kukurudzira nyaya yeruyanano.

### Ko Islam inoregerera here nyaya yechitororo?

Muhondo, kurwisa vanhu vasina mhaka uye neavo vasina zvombo ibasa rakashata zvachose iro rakarambidzwa zvikuru neIslam. Zvekutoti muMuslim haabvumirwe kuparadza mimerwa kana mhuka pasina tsarukano, ko kuzoti kurwisa munhu asina mhaka. Uyu mufananidzo

mumwechete chete kubva pamirairo yehondo yakaiswa muIslam. Naizvozvo, zvakanakisa kuti tive tinokwanisa kupatsanura pakati pechitororo nekuramba hupambi hwepfumi, nokuda kwekuti zviriviri izvi vakasiyana.

### Ko zvitendero zvese zvakananana here?

Sezvo zvitendero zviri zvizhinji kwazvo zvine dzidziso dzakananana maererano nezve tsika tsvene uye kuva munhu akanaka kune vamwe, nezvimwewo, pamusoro pezvose izvi Islam inonyanyotarisa nyaya yehukuru hwaMwari pasina kuregererana panyaya yeHumwechete hwake uye neKururama kwake. Ichiti siyanei nezvimwe zvitendero, Islam inodzidzisa kuti Mwari akatosiyana zvachose nezvisikwa zvake, uye ndiye chete anofanira kurumbidzwa nekushumirwa pasina mumwe zvakare. Islam chitendero chizere, chirinyore zvikuru asi chiine chiedza negwaro rakachengetedzwa zvikuru, hachirambe kana mumwechete zvake paVaporofita vaMwari, asi kuti chinototsanangudza kuti Vaporofita vose vakauya neshoko rimwechete, rakafanana.

### Ko zvekudya zvinonzi Halaal ndezvipi?

Zvekudya zviri Halaal kana kuti Zvinobvumirwa, ndeizvo zvakananana naMwari kuti zvidyiwe nemaMuslim. Kazhinji zvekudya zvose uye nezvinwiwa zvinonzi zviri Halaal, kunze kwenyama yenguruve uye nedoro. Mhuka dzose dzinofanira kuchekwa nemunhu nenzira kwayo, zvichisanganisira kutaura zita raMwari panguva yekucheka uye kuedza kukamura marwadzo emhuka inenge ichichekwa.

### Ko ndiani anofanira kuva muMuslim?

Kuva muMuslim zvinoreva kugamuchira hukuru hwaMusiki uye kuvandudza nekuchengetedza hukama hwepedyo naye, zvichiburikidza nekumuteerera. Izvi zvinonzi kuti munhu awane mufaro nekugutsikana pa h u p e n y u h w a n h a s i nehewangwana.

Allah vakazarura misiwo yeIslam kune munhu wese zvake, pasina kutarisa mamiriro ake ekare neaikozvino. Naizvozvo munhu wese anokwanisa kuva muMuslim nguva ipi zvayo mushure mekutenda nekutaura mashoko ekupupura anoti:

"Ndinopa uchapupu kuti hakuna mumwe mwari anofanira kushumirwa pachokwadi kunze kwaMwari mumwechete, uye kuti Muhammad Mutumwa waMwari"

#### For more Islamic materials

Live chat and more: [www.islamtomorrow.com/](http://www.islamtomorrow.com/)  
Many Islamic videos online: [www.thedeenshow.com](http://www.thedeenshow.com)  
Free Islamic online books: [www.islamic-invitation.com/](http://www.islamic-invitation.com/)  
Free of charge Islamic books: [www.islamic-message.net/cims/default.aspx](http://www.islamic-message.net/cims/default.aspx)  
AHLAN : [www.ahlan-group.com](http://www.ahlan-group.com)  
[www.facebook.com/Ahlan.Explore](http://www.facebook.com/Ahlan.Explore)

[www.islamic-invitation.com](http://www.islamic-invitation.com)

# ISLAM MIBVUNZO NEMHINDURO

## MIBVUNZO INONYANYO BVUNZWA



Conveying Islamic Message Society  
P.O. Box 834 - Alex - Egypt  
E-Mail: [info\\_en@islamic-message.net](mailto:info_en@islamic-message.net)  
E-mail: [cims\\_eg@yahoo.com](mailto:cims_eg@yahoo.com)  
Site: [www.islamic-message.net](http://www.islamic-message.net)  
Not for sale

الإسلام  
سنة وحراب  
بلغت الشرفا

Supreme Muslim Council of Zimbabwe  
Std No. 19280 Unit N, Seke, Chitungwiza,  
Zimbabwe | P: 00263772686584

Direct Aid - Africa Muslim Agency  
40 Greendale Avenue, Greendale, Harare,  
Zimbabwe | P: 002634498345

Dzidza zvidzidzo  
Zvemavambo

[www.islamic-invitation.com](http://www.islamic-invitation.com)



## Ko Chii chinonzi Islam uye maMuslim ndevapi?

Islam inzira yehupenyu yakawana uye yechizvarwa inokurudzira munhu kuti anyatso ongorora hukama huri pakati paMwari nezvisikwa zvake. Inodzidzisa kuti mweya inowana mufaro nerunyararo kuburikidza nekuita mabasa akanaka akabvumirwa naMwari uye anobatsira ruzhinji naiye munhu pachake.

Shoko reIslam ririnyore: kutenda nekushumira Mwari mumwechete wechokwadi, uye kubvuma kuti Muporofita Muhammad (Rugare Ngaruve Kwaari) akange ari Mutumwa waMwari wekupedzisira. Izwi rokuti "Islam" rinoreva kuzvipira kuna Mwari, uye vateveri vacho vanonzi ma'Muslim', vanokwanisa kuva verupi rudzi zvaro.

## Ndechipi chinangwa chehupenyu?

Mwari haana kusika vanhu kuti vave vanotenderera nenyika zvisina maturo. Asi kuti, pane chinangwa chepamusorosoro – chekuti tigamuchire nekushumira Mwari chete, kuitira kuti tikwanise kurarama tichitevera gwara reMusiki wedu. Gwara iri rinoita kuti tikwanise kurama hupenyu hune pundutso, hwakakomborerwa, uye tigokwanisa kupinda kuParadhisu nekununurwa kubva kugehena. Muyedzo wepakutenda kwemunhu uri pakushandisa pfungwa yake mukufungisisa uye nekugamuchira micherechedzo yaMwari uye nekurama achitevera gwara rake.

*Mwari akapa munhu sarudzo semuyedzo kuti aone kuti ndiani angatevera gwara rake nekuda kwake*

## Ko Allah ndiani?

Allah izita raMwari mumwechete wechokwadi. Allah haana mubatsiri akafanana naye, vabereki kana vana. Chimiro chose chaAllah chakarurama sekuva kwake Musiki, Ane Nyasha zhinji, ndiye Samasimba, uye Muyanansi, ane Hungwaru, Anoziva zvole. Hakuna munhu kana chinhu chinobatsirana naAllah paHushe hwake nepachimiro chake, naizvozvo Ndiye ega anofanira kushumirwa pasina mumwe.

## Ko Muhammad ndiani?

Muhammad (Rugare Ngaruve Kwaari) ndiye Muporofita wekupedzisira kubva pamutorododo weVaporofita vakatumwa kuzoparidza kuvanhu kuti vashumire Mwari mumwechete. Akange ari baba, murume, mutungamiri uye muyananisi akarurama. Zvakare aiva mucherechedzo wakarurama wemunhu akavimbika, anoyananisa, ane nyasha uye akashinga. Kuyanganje zvazvo achiremekedzwa zvikuru, asi iyewo akangofanana nevamwe Vaporofita. Haashumirwe nemaMuslim.

## Ndeupi mwongo weIslam?

Korani ndiro mwongo wekutanga weruzivo rwelIslam uye ndiro hwaro hwemisimbati yedzidziso dzelIslam. Sunnah ndiyo mwongo wechipiri, zviuru zvenhaurwa nemabasa aMuporofita Muhammad (Rugare Ngaruve Kwaari)

sekutaurwa kwazvakaitwa nevadzidzi vake.

Sezvo nhaurwa dzake dzinoongororwa huchokwadi hwadzo nguva dzose, dzinopa nzira chaiyo yakarurama yehupenyu uye gwara rinotevera nemaMuslim. Dzidziso dzose dzelIslam dzinovimba zvikuru nehumboo hunobva mumwongo miviri iyi.

## Ko Korani chii?

Korani igwara rekupedzisira kuvanhu, uye igwara nepatsanuro pakati pechokwadi nemanyepo. Ishoko raAllah sekuzarurwa kwakaitwa kuna Muporofita Muhammad (Rugare Ngaruve Kwaari) zvichiburikidza nengirozi yainzi Gabrieli uye richitsiva magwara ekare akafanana neVhangeri neTorah. Rinotsanangudza zvinhu zvakanwanda sechinangwa chekuva panyika; mafungiro akarurama nezvaMwari; mabasa anodiwa uye neasingadiwe naMwari; nyaya dzeVaporofita pamwe nedzidziso dzavo; bvunzurudzo yedenga, negehena, uye yezuva rekutongwa. Imwe yeminana mikuru yeKorani ndeyekuti rakachengetedzwa uye harina kubvira rakachinjirwa kubvira panguva yarakazarurwa kusvika nhasi raane makore chiuru chimwechete nemazana mana. MuKorani munowanikwa tsigiro dzezve Sainzi neNthoroondo izvo zvakanwanda zvisinga zivikanwe nevanhu venguva iyoyo uye zvakatozoongororwa ikozvino, unova umwe humboo hunotsigira kuti rakabva kuna Mwari.

## Ko misimbati yeIslam ndeipi?

Musimbati wekutanga: Kupa Uchapupu – Kupupura kuti hakuna mumwe Mwari anofanira kunamatwa pachokwadi kunze kwaAllah uye kuti Muhammad Mutumwa wekupedzisira.

Musimbati wechipiri: Minamoto – inofanira kunamatwa kashanu pazuva roga roga: nguva yemambakwedza, masikati, manheru, zuva richangonyura, uye husiku.

Musimbati wechitatu: Kupa chipo – ichi chipo chinomanikidzirwa pamunhu gore roga roga kuti chipiwe kune vanhu vanotambura, mugovo wacho unova zvikamu zviviri nechidimbu kubva muzana pahupfumi hwese hwemunhu. Chipi ichi chinobviswa chete neavo vanehupfumi hwakawanda hunodarikira zvinhu zvinodiwa nemunhu wese.

Musimbati wechina: Kutsanya mumwedzi weRamadhan – mumwedzi uyu maMuslim vanofanira kuzvinyima zvokudya nekuvira, uye kusasangana pabonde kwevakaroorana kubva panguva yemambakwedza kudzamara zuva ranyura. Vanofanira kugara zvakanwanda kure nemabasa akashata.

*Mabasa chaiwo eIslam anozivikanwa kunzi: Misimbati mishanu*

Musimbati wechishanu: Kushanya – Kana maMuslim achikwanisa anofanira kushanyira guta reMecca riri kuSaudi Arabia kamwechete pahupenyu. Kushanya uku kunosanganisira munamoto, chikumbiro, chipo, nerwendo, uye iwongororo yepamweya nekuzvininipisa kwemunhu kunobatanidza maMuslim epasi rose.

## Ko maMuslim vanotenda vachiti kudii nezvaJesu nevamwe Vaporofita?

Zviuru nezviuru zveVaporofita zvakatumirwa naAllah, rudzi rwega rwega rwakatowanawo mumwechete, vaine mharidzo imwechete: yekushumira Allah chete uye kusamusanganisa nechimwe chinhu. Vamwe veVaporofita ava vanosanganisira Adhamu, Noah, Josefa, Abrahamu, Jakobo, Isaki, Mosesi, Jesu uye Muhammad (Rugare Ngaruve Kwavari vose). Jesu (Rugare Ngaruve Kwaari) akange ari mumwe weVaporofita vakuru vakatumwa naMwari Samasimba. Akazvarwa nenzira yemunana asina baba uye akaita minana yakawanda zvichiburikidza nemvumo uye nekuda kwaMwari.

## Sei zvinhu zvakaipa zvichiitika?

Mwari vanoedza munhu nenzira dzakasiyana uye zvichiburikidza nemiyedzo yakasiyana siyana. Miyedzo iyi inosanganisira hutano, mhuri, njodzi dzakasiyana siyana panyika, hupfumi, uye nedzimwe nzira. Kutsungirira panguva yedambudziko (kuva netariro), uye kutenda pamakomboro (zvichiburikidza nekushandisa makomboro nenzira inofadza Mwari), ndiyo nzira yekuva pedyo naMwari uye uchiwana hupenyu hweparadhisu usingapere. Chokwadi marwadzo nekutambura panyika ino ndezvenguva diki diki asi Paradhisu hupenyu husingaperi.

## Ko chii chichaitika mushure mekufa?

Rufu musuo kubva pahupenyu huno hupfupi pfupi kuenda kuhupenyu husingaperi. Munhu wese achamuka kubva mukufa kuzobvunzurudzwa musiwu wekutongwa. Musiwu uyu ndopachange paine kuyanisa chaiko nokuti munhu wose akakanganisirwa kana kudzvanyirirwa pahupenyu huno acharipwa uye nekuyaniswa naAllah, Anoziva

*“Uyo akasika rufu nehupenyu kuti akuedzei kuti ndiani pakati penyura akarurama mumabasa ake – Iyeyo ndiye Anoremekedzeka, Anoregerera...”  
Korani 67:2*

*Dai pasina hupenyu huemanganana wekuti maiti wemabasa akanaka anopuwa mubairo uye maiti wemabasa akashata anorangwa, izvozvo zvingadai zvapakapesana nekuyaniswa kwaMwari uye hupenyu hungadai husina kunakira vanhu vose*